



LOJMAN AK DEVLOPMAN KOMINOTÈ (HOUSING AND COMMUNITY DEVELOPMENT, HCD)

Ouvèti lis datant pou kupon ki baze sou pwojè ak anplasman KESYON YO POZE PI SOUVAN (FAQS)

1) [Ki moun ki ka fè demann pandan peryòd ouvèti 15 desanm 2025 - 19 desanm 2025 la?](#)

Aplikasyon yo ouvè pou moun ki aktyèlman sou Lis Atant Lokatè 2024 la.

2) [Kisa Pwogram Asistans Bon dacha ki Baze sou Pwojè \(PBV\) a ye?](#)

Pwogram asistans kupon ki baze sou pwojè (Project-Based Voucher, PBV) a se yon pati nan pwogram Bon Chwa Lojman Miami-Dade (Miami-Dade's Housing Choice Voucher, MDHCV) la. Pwogram PBV a bay fanmi ki genyen revni ki fèb yo asistans pou lokasyon, avèk sibvansyon ki lye ansanm ak inite espesifik nan yon pwopriyete. Daprè pwogram PBV a, lokatè yo peye 30% nan revni ajiste yo chak mwa, plis nenpòt frè sèvis piblik ki aplikab pandan tout patisipasyon yo nan pwogram nan.

3) [Ki diferans ki genyen ant Pwogram Asistans sou fòm Bon dacha ki Baze sou Pwojè \(PBV\) a ak Pwogram Bon dacha pou Chwa Lojman \(HCV\) an?](#)

Pwogram asistans kupon ki baze sou pwojè yo (Project-Based Voucher, PBV) lye asistans pou lokasyon ak inite espesifik nan yon pwopriyete pou yon tèm fiks. Yo refere kandida ki kalifye yo dirèkteman nan pwopriyete a pou ranpli pòs ki vid yo. Okontrè, pwogram bon chwa lojman an (Housing Choice Voucher, HCV) pèmèt patisipan yo itilize bon ki baze sou lokatè yo pou yo chwazi yon apatman nan mache prive lokasyon an. Anplis de sa, patisipan PBV yo dwe satisfè yon kondisyon pou lokatè 1 lane nan pwopriyete a pou yo vin kalifye pou yon kupon ki baze sou lokatè lè youn vin disponib. An konparezon, patisipan HCV yo pa sijè ak yon egzijans pou lokatè.

4) [Kisa yon Lis datant lokal pou Bon dacha ki Baze sou Pwojè \(PBV\) ye?](#)

Yon lis datant Kupon ki baze sou pwojè (Project-Based Voucher, PBV) se yon lis ki kenbe pou pwopriyete espesifik k ap patisipe nan pwogram PBV a. Selon règleman federal 24 CFR 983.251(c)(6), kandida ki sou Lis datant Lokatè 2024 la pou pwogram Kupon Chwa Lojman Seksyon 8 (HCV) la ap resevwa opòtinite pou enskri sou lis datant ki baze sou lojman sa yo pou pwopriyete espesifik.

5) [Èske mwen oblije soumèt yon nouvo demann si mwen deja sou Lis datant Lokatè a?](#)

Wi. Y ap ofri kandida ki sou lis datant 2024 HCD pou lokatè yo opòtinite pou fè demann pou lojman sou lis datant PBV HCD yo. Kandida Lis Datant 2024 Lokatè ki aplike sou Lis datant Bon dacha ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) ak lojman yo pral plase sou Lis datant PBV yo daprè dat ak lè demann yo pou Lis datant 2024 Lokatè a. Plasman sou yon Lis Datant PBV ki baze sou lojman an p ap gen okenn efè sou pozisyon kandida a sou lis datant lokatè 2024 la.

6) [Kisa k ap pase ak demann pou Lis datant Lokatè mwen an si mwen fè demann pou Lis datant ki baze sou Lojman pou Bon dacha ki baze sou Pwojè \(PBV\) a?](#)

Lè w ap fè demann pou Lis datant Bon dacha ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) Ak lojman pa pral gen enpak sou estati w sou Lis Datant 2024 Lokatè a. Demann pou lis datant lokatè 2024 ou a ap rete aktif epi li p ap chanje si w fè demann pou lis datant ki baze sou pwojè ak lojman yo.

7) [Èske m elijib?](#)

Tout moun ki gen 18 lane oswa plis elijib pou soumèt yon demann pou lis datant pou Bon dacha ki baze sou pwojè ak Lojman epi Devlopman Kominotè konte Miami-Dade lan (Housing and Community Development, HCD). Aplikasyon pou pwopriyete espesifik ap parèt sèlman si ou satisfè kritè kalifikasyon pwopriyete a.

8) [Èske mwen elijib pou aplike sou plizyè Lis datant ki baze sou Lojman pou Bon dacha ki baze sou Pwojè \(PBV\)?](#)

Wi, ou ka aplike nan plizyè lis datant kupon ki baze sou Pwojè ak anplasman si ou satisfè kritè kalifikasyon yo deziyen pou chak pwopriyete.

9) [Kilè y ap aksepte demann yo?](#)

Pwosesis soumèt demann ki baze sou lojman pou Bon dacha ki baze sou pwojè (PBV) ap kòmanse **Lendi 15 Desanm 2025, a 08:00 a.m.** epi ap fini nan **Vandredi 19 Desanm 2025, a 11:59 p.m.** Nan moman seleksyon an, kandida(yo) dwe satisfè deziyasyon pwopriyete a, egzijans pwogram nan ak limit revni pou konpozisyon fwaye a Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) an etabli. Limit revni 2024 yo se:

LIMIT REVNI KONTE MIAMI-DADE – ANE FISKAL 2024 – Anvigè depi 1ye avril 2025								
Konpozisyon Fwaye	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni Anyèl Fwaye	\$ 43,400	\$49,550	\$55,750	\$61,950	\$66,950	\$71,900	\$76,850	\$81,800

Y ap aksepte aplikasyon pou preferans kategori fanmi aprè peryòd sa a. Aplikasyon an ap disponib an Anglè, Kreyòl ak Espanyòl.

10) [Kijan mwen ka soumèt demann mwen an?](#)

Yo pral aksepte aplikasyon pou Lis Atant ki baze sou **Sit pou Kupon ki baze sou Pwojè** Lojman ak Devlopman Kominotè (HCD) Konte Miami-Dade (PBV) **SÈLMAN** nan https://feedback.miamidade.gov/jfe/form/SV_ezHeRnmq2VnWiOO oswa lè w sèvi ak kòd QR ki la a:

Kòd QR



Ou ka itilize yon laptop yon tablèt oswa nenpòt lòt aparèy ki ka konekte sou entènèt pou soumèt Fòmilè Aplikasyon w lan. Ou dwe gen aksè ak entènèt pou w ranpli Fòmilè Aplikasyon anliy lan. Pwosesis aplikasyon anliy lan pèmèt moun yo soumèt demann aplikasyon an nenpòt ki lè oswa nenpòt ki kote k ap bon pou yo, san konsidere orè travay yo, epi li elimine bezwen pou yo al kanpe nan yon liy byen long.

Yo p ap aksepte oswa rann disponib okenn aplikasyon sou papye.

11) E si m pa gen aksè ak entènèt?

Si w pa gen aksè ak entènèt oswa ak yon aparèy pou w soumèt Fòmilè Demann lan, epi ou bezwen asistans, ou ka vizite nenpòt nan kote ki nan lis anba a apati **Lendi 15 Desanm 2025 pou rive Vandredi 19 Desanm 2025, 08:00 a.m pou rive 04:30 p.m.**, sof nan jou konje yo. Ou kapab rele 311 tou pou jwenn enfòmasyon.

Anplis de sa, ou ka soumèt yon demann sou entènèt nenpòt ki lè pandan peryòd aplikasyon sou entènèt la. Nou ankouraje w pou vizite sit entènèt HCD a nan https://feedback.miamidade.gov/jfe/form/SV_ezHeRnmg2VnWiOO pou plis kote ak/oswa enfòmasyon.

Biwo / Sant – Zòn	Adrès
Biwo Santrevil pou Pwogram Bon Chwa lojaman Miami-Dade	20 SE 3rd Ave, Third Floor Miami, FL 33131
Biwo Pwogram Bon Chwa lojaman Miami-Dade nan Miami Gardens	1111 Park Centre Blvd Suite 104 Miami Gardens, FL 33169

12) Ki enfòmasyon ki nesèsè pou ranpli demann lan?

Tanpri genyen enfòmasyon sa yo disponib pou Chèf fwaye a (Head of Household, HOH), Konjwen oswa Ko-Responsab:

- Non Konplè
- Jan
- Dat nesans
- Adrès postal aktyèl, nimewo telefòn, ak adrès imèl
- Ras
- Etnisite
- Eitati Veteran
- Eitati Andikap ak/oswa Bezwen espesyal

Remak: Etnisite ak Ras yo kolekte pou rezon estatistik sèlman.

13) Èske moun ki andikape ka jwenn asistans pou ranpli yon demann?

Wi, moun ki andikape yo ka chèche konsèy pou yo ranpli aplikasyon an lè yo kontakte biwo pwogram HCV Seksyon 8 la nan (786) 654-8440, ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye yo.

14) Kijan m ap fè konnen si demann mwen an te soumèt avèk siksè?

Depi w fin bay tout enfòmasyon ki nesèsè yo nan aplikasyon w lan, w ap resevwa yon nimewo konfimasyon pou w rekonèt aplikasyon an gen siksè.

15) Si mwen soumèt plis pase yon demann, èske mwen ta dwe gen plis chans pou yo chwazi m pou enskri sou lis datant yo?

Non, tout demann ki fin ranpli epi soumèt pandan peryòd aplikasyon sou entènèt la ap enskri sou lis datant yo dapre dat ak lè li soumèt la.

16) Konbyen demann y ap chwazi pou mete sou lis datant yo?

Tout aplikasyon ki ranpli ak soumèt pandan peryòd soumisyon aplikasyon ouvè a pral plase sou lis datant yo dapre dat ak lè soumisyon an.

Sèvis lojman ak devlopman kominotè konte Miami-Dade la (Miami-Dade County Housing and Community Development, HCD) ap ouvri lis datant li an pou pwopriyete sa yo ki gen bon dacha pou lojman ki baze sou pwojè (PBV):

Non Pwopriyete a	Adrès Pwopriyete a	Restriksyon Pwopriyete a	Tay Apatman ki Disponib
Brisas Del Sol	455 SW 16th Avenue Miami FL 33135 https://brisasdelsolmiami.com/	Ti granmoun	Jaden - Apatman 2 chanm Imèb Gran Etaj - 1 Apatman 1 chanm
Homestead Gardens	1501 SW 6th St. Homestead FL 33030	Pa gen Restriksyon	Apatman 2 ak 3 chanm
Quail Roost Transit Village	18505 Homestead Ave Miami FL 33157 https://www.quailrooststationliving.com/	Pa gen Restriksyon	Estidyo, Apatman 1, 2,3, 4 ak 5 chanm

17) Èske gen preferans nan seleksyon demann yo?

Yo bay preferans pou kay ki satisfè kritè espesifik ki endike nan Plan Administratif HCD, ki gen ladan men pa limite ak:

- Lis Datant Lokatè 2024 la
- Fwaye ki Deplase akòz Aksyon Gouvènman an
- Referans Miami-Dade Homeless Trust la
- Veteran
- Rezidans lokal ki elijib yo
- Fanmi ki gen dwa pou retounen
- Popilasyon Vilnerab
- Fwaye ki gen Bezwen Espesyal
- Moun Mobilite redui
- Pwoblèm tandè/Wè

18) Èske m ka pale ak yon moun si m gen plis kesyon sou pwosesis demann lan?

Wi, ou ka kontakte biwo bon lojman pou Seksyon 8 nan Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade la lè w rele **(786) 654-8440** ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye.

19) Si yo chwazi m. men mwen demenaje pandan pwosesis la, kijan m ka mete adrès mwen ajou?

Si yo chwazi w pou lis datant yo, y ap enfòmè w alekri nan adrès postal ak/oswa adrès imèl ou te bay la lè w te soumèt demann ou an. Si ou pa reponn notifikasyon nou yo oswa si lèt ou a retounen epi li pa delivre, **Yo pral retire non ou nan lis datant yo.**

Si ou chanje adrès, nimewo telefòn, revni, oswa gwosè fanmi ou, ou dwe avize pwogram nan nan dis jou ouvrap apre chanjman an. Tout chanjman dwe fèt alekri epi ou ka fè yo sou sit entènèt voucher Miami-Dade la: <https://mdvoucher.com/>

20) Kilè m ap konnen si yo te chwazi m sou lis datant lan?

Y ap enfòmè kandida yo nan lòd yo te resevwa demann yo epi lè Apatman yo vin disponib. Y ap voye notifikasyon yo alekri nan adrès postal ak/oswa adrès imel ki te bay lè yo te soumèt dokiman an.

21) Kisa k ap pase apre yo fin chwazi w sou yon Lis datant Lojman pou Bon dacha ki baze sou Pwojè (PBV)?

Kandida yo ap oblije ale nan yon randevou pou premye kalifikasyon pou ranpli yon aplikasyon pou kalifikasyon inisyèl. Pandan randevou sa a, kandida yo dwe soumèt tout dokiman obligatwa pou HCD pou detèmine si yo kalifye pou pwogram lan.

Si yo detèmine ou kalifye pou pwogram asistans kupon ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV), y ap refere w sou sit PBV a pou sibi pwosesis tès depistaj pwopriyete a. Si w satisfè kritè tès depistaj pwopriyete yo, y ap ofri w yon inite.

22) Kisa k ap pase si mwen refize òf PBV a?

Yo pral retire kandida ki refize òf PBV a nan lis datant Bon dacha ki sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) ak anplasman an kote yo te refere yo.

23) Kisa k ap pase si pwopriyete a refize òf PBV a?

Kandida pwopriyete a refize yo ap retire yo nan lis datant Bon dacha ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) ak anplasman kote yo te refere yo a.

Tanpri fè atansyon: Se sèl moman sa a ou ka aplike. HCD p ap janm mande yon nimewo kat kredi oswa mande yon rapò kredi pou ou ka aplike. Sèl sit entènèt pou fè demann pou **Bon dacha ki baze sou pwojè pou lis datant lojman** se:

https://feedback.miamidade.gov/jfe/form/SV_ezHeRnmq2VnWiOO

HCD pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, sèks, koulè, relijyon, eta sivil, orijin nasyonal, andikap, zansèt, oryantasyon seksyèl, idantite jan oswa ekspresyon jan, estati antanke yon viktim vyolans domestik, vyolans nan renmen oswa asèlman, sous revni, laj, gwosès oswa sitiyoasyon fanmi nan aksè a, admisyon nan, oswa travay nan pwogram lojman oswa aktivite lojman. Si w bezwen yon entèprèt nan lang siy oswa dokiman nan yon fòm aksesib pou evenman sa, rele 786-469-2155, omwen senk jou davans. Itilizatè TDD/TTY yo ka kontakte Sèvis Florida Relay la nan 800-955-8771.